# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
# ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациядан өткериў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2008-жыл 4-марттағы 56-санлы буйрығы менен тастыйықланған ҳәм Әдиллик министрлигинен 2008-жыл 20-мартта дизимнен өткерилген «Улыўма орта билим алыўшылардың жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациясы ҳаққында»ғы Режениң 39-бәнтине тийкар, соның менен бирге Нөкис қаласы «Қарабайлы» көшеси 34-жайда жасаўшы пуқара У.Дарменов ҳәм Нөкис қаласы «Жеңистиң 30 жыллығы» көшеси 2-жайда жасаўшы пуқара Қ.Дарменовлардың мүрәжат арзаларын инабатқа алып **буйыраман:**

1. Нөкис қаласы «Қарабайлы» көшеси 34-жайда жасаўшы пуқара У.Дарменов ҳәм Нөкис қаласы «Жеңистиң 30 жыллығы» көшеси 2-жайда жасаўшы пуқара Қ.Дарменовлардың мүрәжат арзалары инабатқа алынсын ҳәм қанаатландырылсын.

2. Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине карaслы 46-санлы мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма орта билим бериў мектебиниң 11-классс оқыўшылары Е.Абуов ҳәм А.Абуовалардың ҳүжжетлерин үйренип шығып, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2008-жыл 4-марттағы 56-санлы буйрығы менен тастыйықланған ҳәм Әдиллик министрлигинен 2008-жыл 20-мартта дизимнен өткерилген «Улыўма орта билим алыўшылардың жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациясы ҳаққында»ғы Режениң 39-бәнтин басшылыққа алған ҳалда мүддетинен бурын жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациядан өткериўге рухсат етилсин.

3. Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими (П.Ақназаров) не:

-жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестацияның Реже талапларына сай түрде өткерилиўин тәмийинлеў;

- жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестация материалларының толық ҳәм сапалы таярланыўын қадағалаў;

-өткерилген жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестация нәтийжеси бойынша улыўмаластырылған мағлыўматты Республикалық Оқыў методикалық орайына жеткериў ўазыйпалары тапсырылсын.

3.Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ўазыйпасын ўақтынша атқарыўшы Қ.Бекбаулиевқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы.
2021-жыл 29 - апрель
116 - санлы